



SÈVIS ENSPEKSYON BOSTON

BIWO DEVLOPMAN EKONOMIK

# GID POU OUVÈTI ETABLISMAN SÈVIS MANJE

*Yon gid pou kòmanse biznis ou, epi jwenn otorizasyon, lisans ak enspeksyon*

Avril 2021

*Mèsi dèske w anvizaje ouvri yon biznis manje nan Vil Boston!*

*Ouvri yon etablisman manje se yon travay difisil. Ekip nou nan Vil Boston la pou ede w!*

*Gid sa a ap ba ou yon apèsi epi dekri pwosesis espesifik ki genyen rapò ak restoran nan Vil Boston. Pou kesyon, tanpri kontakte Sèvis Enspeksyon (ISD) [Divizyon Sante](#), ak [Depatman Devlopman Ekonomik](#), oswa rele 311*



City of Boston  
Mayor Kim Janey




City of Boston  
Inspectional Services



City of Boston  
Economic Development

# Grafik Jeneral



	Preparasyon	Chwazyon Lokal		Prepare Espas la				Apwobasyon	Sèvi Manje		K Ò M A N S E  B I Z N I S
Pwopriyete Restoran	Devlope Plan Biznis	Plan Achitekti					Konstwiksyon	Responsab Mane ak Sètifika Alèji			
Devlopman Ekonomik	Konsèy ak Direktiv										
Depatman Sèvis Enspeksyon (Bilding)		Otorizasyon Konstwiksyon	Sètifika Okipasyon			Otorizasyon Travay Konstwiksyon					
Depatman Sèvis Enspeksyon (Sante)				Aplike pou Otorizasyon Sèvis Manje	Revizyon Plan Achitekti				Enspeksyon Sante	Otorizasyon Sèvis Manje	
Depatman Prevansyon Dife						Otorizasyon Konstwiksyon	Otorizasyon Espas Rasanbleman				
Komite Lisans (Meri)								Lisans Restorantè Komen			
Lòt Apwobasyon		Revizyon Zonaj						Lisans Anplis (si sa nesesè)			

[Lyen Dyapozitif Grafik la](#)

# ETAP

## ETAP 1

### PREPARASYON - KONPRANN PWOSESIS LA EPI FÈ PLAN

- *Biwo Devlopman Ekonomik Majistra* ofri resous konplè pou tout biznis nan Vil Boston, ki genyen ladann *Ekip Devlopman Ti Biznis* ak *Boston Main Streets*, kote tou de ofri resous pou kòmanse, grandi, ak konstwi biznis nan Boston.
- Kòmanse pa konekte ak Administratè Biznis Katye w la (Neighborhood Business Manager, NBM)-- NBM yo se ekspè nan ti biznis epi yo ka gide w sou fason pou w ouvri yon restoran nan Boston. *Kontakte yon ekspè* pou aprann plis sou otorizasyon ak lisans, devlope yon plan biznis, chwazi yon lokal, oswa lòt kesyon esansyèl sou biznis.
- *Sant Devlopman Ekonomik* ofri atelye pou ogmante aksè ak opòtinite, ki genyen ladann seri atelye ki fèt espesyalman pou biznis manje.

## ETAP 2

### CHWAZI YON LOKAL- ZONAJ AK OKIPASYON

- Tcheke zonaj sou entènèt pandan w ap chache idantifikasyon pasèl tè sou *kat Rechèch Administrasyon Redevlopman Boston*
- Tcheke pou w wè si itilizasyon Restoran, A-Anpòte, Gichè Chofè, oswa Divètisman An Dirèk Otorize, Entèdi, oswa Kondisyonèl nan *Kòd Zonaj* (ak Distri Katye nan Atik 38-73).
- Tcheke itilizasyon legal bilding nan ak okipasyon li sou entènèt gras ak *Rechèch Otorizasyon Bilding*
- Pou chanje zonaj la oswa itilizasyon an, soumèt yon *Fòm Long* sou entènèt epi depoze yon apèl nan *Komite Apèl Zonaj* si li se yon itilizasyon kondisyonèl oswa entèdi pou lokal sa a.
- Ranpli yon aplikasyon otorizasyon bilding pou tout konstwiksyon ki nesèsè. Pou konstwiksyon majè oswa chanjman estriktirèl, ranpli yon *Fòm Long* sou entènèt. Pou chanjman minè, soumèt yon *Fòm Kout* sou entènèt. Pou plis enfòmasyon sou tip bildin, vizite *la a*.

- Jwenn yon [Sètifika Okipasyon](#) pandan w ap soumèt [Aplikasyon Sètifika Okipasyon w lan](#). Si w genyen nenpòt kesyon tanpri kontakte [JSDcertificates@boston.gov](mailto:JSDcertificates@boston.gov) (gade egzijans [JSD pou Sètifika Okipasyon,,](#)).
- Yon fwa w gen yon kontra lokasyon sou plas, kontakte Administratè Biznis Katye w la pou diskite sou èd [pou amelyorasyon afich ak fasad](#) pou biznis ou a!

### ETAP 3

## KREYE ESPAS LA – KONSTWIKSYON AK APWOBASYON BILDING NAN

Fè yo revize plan w yo; jwenn apwobasyon nan men Depatman Sèvis Enspeksyon (ISD) Divizyon Sante avan konstwiksyon oswa chanjman. Aplike pou [otorizasyon sante](#) a nan moman sa a, peye pou otorizasyon an bay 4 gwoup plan sit, espesifikasyon ekipman fabrikan pou nouvo ekipman ki pral enstale ki respekte sètifikasyon NSF/UL, yon [Revizyon Etablisman Manje](#), meni ak konsèy konsomatè (si sa aplikab). Mande yon randevou Plan Revizyon pandan w ap voye yon imèl bay [ISDHealth@boston.gov](mailto:ISDHealth@boston.gov) oswa rele 617-635-5326

Aprann pwosesis otorizasyon Sèvis Enspeksyon an [la a](#).  
Aprann sou pwosesis aplikasyon Otorizasyon Sante Sèvis Manje a [la a](#).

- Divizyon Prevansyon Dife Boston (Boston Fire Prevention, BFD) bezwen otorizasyon tou pou pwojè konstwiksyon. Ou ka jwenn aplikasyon ak direktiv sa yo [la a](#).
- Asire otorizasyon apwopriye konstwiksyon/plonbri/gaz/elektrisite/mekanik sou [aplikasyon entènèt sistèm](#) ISD a. Sèlman kontraktè ki gen lisans ka aplike. Jwenn tout enspeksyon obligatwa yo.
- [Otorizasyon Espas Rasanbleman](#) (si okipasyon an pou 50 moun oswa plis) ke BFD bay. Tanpri tcheke [Direktiv](#) ak [Egzijans](#) ki pi enpòtan yo.
- Sètifika Enspeksyon: Soumèt 3 gwoup plan sele ak apwobasyon ISD ak BFD nan Kontwa 3A ISD epi tann enspeksyon. Telechaje lis verifikasyon ak/oswa aplikasyon.

## ETAP 4

### APWOBASYON – REYINI TOUT LISANS AK OTORIZASYON NESESÈ YO

- Jwenn yon [Lisans Restoratè Komen](#) nan Komite Lisans lan.
- Ou bezwen resevwa yon sètifikasyon antanke responsab manje nan men yon konpayi endepandan. [Aprann plis sou fason pou w jwenn sètifikasyon responsab manje a.](#)
- Jwenn yon sètifika konesans sou alèji. [Aprann plis sou li la a](#)
- Tou depan biznis espesifik ou a, ou gendwa bezwen youn oswa plizyè nan otorizasyon ki annapre yo:
  - [Lisans Divètisman an Dirèk](#) oswa [Lisans Divètisman ki pa An Dirèk](#).
  - [Lisans Tab Biya](#)
  - [Otorizasyon Kafè Twotwa](#)
  - [Otorizasyon Paking Valè](#)
  - [Lisans Bwason](#): Pou detay, gade [sitwèb Komite Lisans Boston an](#).
  - Aplike pou Lisans Pwòpte Sit la. [Gade detay yo la a](#).
  - Aplike pou [Otorizasyon Plasman Poubèl](#). Si li pi laj pase 3 mètr kip, soumèt yon [Fòm Aplikasyon Otorizasyon Anyèl](#).
  - [Sètifika Biznis](#) nan men [Biwo Grefye Vil Boston yo](#)
  - Kapich Echapman ak Kondui Kuizin mande revizyon Divizyon Bilding ak Sètifika Depatman Dife Boston. Gade [sitwèb BFD](#) a pou plis enfòmasyon sou egzijans antretyen kapich ak kondui komèsyal.

Aprann sou Komite Lisans lan [la a](#).

Aprann sou Kòd manje nan [sitwèb manje detay eta a](#)

## ETAP 5

### SÈVI MANJE – OTORIZASYON AK ENSPEKSYON SÈVIS MANJE

- Nan objektif pou reyalize pwosesis la epi prepare pou Enspeksyon Sante a, Tanpri bay tout rès sètifika, lisans ak/oswa otorizasyon yo.

Yo se sa ki annapre yo:

- [Sètifika Okipasyon](#) oswa yon Sètifika Enspeksyon
  - [aplikasyon w pou otorizasyon sèvis manje a ranpli](#) Need updated forms for links
  - Yon kopi Sètifika Responsab Manje ak Sètifikasyon Konesans Alèji
  - [Lisans Restoratè Komen](#) **OU**
- Tanpri sonje: Si w p at peye frè yo pandan yo t ap revize paln w yo, ou dwe pote peman an pandan w ap vizite biwo ISD a. Ou dwe pote tou kopi asirans konpansasyon travayè w ak nimewo Idantifikasyon Taks Federal oswa nimewo Sekirite Sosyal ou.
  - Si tout papye w annòd, ISD pral pwograme yon demann enspeksyon avan operasyon. Divizyon sante a pral ede w fè aranjman pou enspeksyon avan operasyon an ak konfime randevou w la. Nan moman enspeksyon an, Enspektè Sante a pral asire ke w konfòm ak kòd la, epi w reponn nenpòt kesyon w genyen.

Divizyon Enspeksyon Sante  
1010 Massachusetts Ave.  
Boston, MA 02118

Lè biwo: Lendi rive vandredi, 8è a.m. - 4è p.m. Si w ap peye kah oswa ak kat kredi, ou bezwen fè peman w lan rive 3è30 p.m.

# LIS VERIFIKASYON ENSPEKSYON

Lefèt ke w ranpli lis verifikasyon sa a pa garanti ke w ap jwenn apwobasyon enspeksyon an. Yo ba w enfòmasyon sa a pou ede w prepare pou enspeksyon ki nesesè pou w kòmanse restoran an. Pou kesyon, tanpri kontakte [Divizyon Sante](#) a nan [ISDHealth@boston.gov](mailto:ISDHealth@boston.gov) oswa rele 311.

## ENSPEKSYON BILDING – SÈTIFIKA OKIPASYON ([Gade Detay yo](#))

- Limyè ijans yo enstale epi ap fonksyone
- Sèti sekou yo nan kondisyon satisfèzan
- Etikèt ekstenktè yo genyen dat ajou sou yo
- Kondui komèsyal la netwaye atan
- Eskalye yo gen ray sou yo
- Afich Sòti/direksyon yo vizib epi yo limen
- Sistèm pou etenn dife yo ap byen fonksyone
- Sistèm alama dife/detektè lafimen
- Pasaj Sòti yo pa bouche
- Kondisyon jeneral yo satisfèzan

## ENSPEKSYON DIFE - OTORIZASYON ESPAS RASANBLEMAN ([Gade Detay yo](#))

- Sètifika Enspeksyon ISD afiche
- Otorizasyon Espas Rasanbleman afiche
- Otorizasyon flamabilite pou tout dekorasyon, mèb ak finisyon enteryè
- Plan evakyasyon an sou plas, epili koresponn ak pozisyon mèb yo
- Sòti sekou yo klè epi yo operasyonèl
- Mekanis pou fèmen pòt yo ap fonksyone kòrèkteman
- Pòt deyò a ouvè pa deyò
- Sòti yo debouche pi yo ouvri sou wout piblik
- Bon jan antretyen jeneral
- Eskalye yo lib ak afich apwopriye
- Enspeksyon sistèm alam yo ajou
- Enspeksyon sistèm pou etenn dife ajou

## ENSPEKSYON SANTE – OTORIZASYON SANTE SÈVIS MANJE

Etablisman yo dwe asire yo ke yo respekte [Kòd Manje](#) epi [Kòd Federal Manje](#) ak sipliman 2015 lan epi jwenn aksè ak règlemantasyon nan enstalasyon an. ([Gade Detay yo](#))

[Ou pare pou w opere?](#) Tanpri gade [Gid Enspeksyon an la a](#)



- Moun responsab la (Person In Charge, PIC), genyen konesans, sipèvize risk manje yo epi pran aksyon korektif.. PIC a disponib pandan tout lè operasyon yo
- Anplwaye yo swiv fòmasyon sou devwa ak responsablite yo
- Politik maladi anplwaye egzije pou rapòte sa nan yon fason ki ka verifye
- Evye separe pou lave men epi yo te bay pou preparasyon mane, evakyasyon, ak espas pou lave asyèt; anplis twalèt yo.
- Sifas kontak manje yo byen fèt, antretni, enstale
- Ekipman apwopriye pou NSF pou manje, kenbe manje cho ak frèt epi rete fre nan fason apwopriye.
- Sifas ki pa pou manje yo byen fèt, antretni, enstale
- Espas estokaj apwopriye pou chodyè ak kaswòl ki pwòp ak sal
- Machin pou lave asyèt gwo tanperati oswa evye ak 3 konpatiman apwopriye ak espas pou drenaj - ekipman tè

### **PLONBRI AK ELIMINASYON DECHÈ**

- Dlo (pou w bwè) ki byen trete ak sistèm eliminasyon dlo. Dlo sal pa retounen monte; gen yon bon sistèm refoulman ki enstale
- Kantite poubèl apwopriye, pwòp, kouvri ak espas estokaj apwopriye.
- Gen evye preparasyon mane pou lave fwi ak legim
- Genyen eponj pou evye

### **ENSTALASYON FIZIK YO**

- Pwòp ak òganize
- Kazye pou anplwaye yo mete rad ak atik pèsònèl yo
- Ase espas pou manje sèch, vesèl, atik antretyen, pwodui chimik
- Enstalasyon limyè ki pa anwo pwodui manje yo genyen boukliye pwoteksyon ki byen enstale
- Pa gen tras ensèk ak bèt nuizib
- Deyò espas estokaj la pwòp
- Espas kuizin nan byen vantile epi enspeksyon kapich la ajou
- Gade tout lis vyolasyon kòd sante yo sou [sitwèb Espas Manje Majistra a.](#)

# KONTAK

AJANS	SITWÈB	TELEFÒN
Devlopman Ekonomik Depatman Ti Biznis	<a href="https://www.boston.gov/small-business">boston.gov/small-business</a>	617-635-0355
Ekipe ak Enklizyon	<a href="https://www.boston.gov/departments/economic-development/equity-and-inclusion-office/get-your-business-certified">Jwenn Sètifikasyon pou Biznis ou antanke M/WBE :</a> <a href="https://www.boston.gov/departments/economic-development/equity-and-inclusion-office/get-your-business-certified">https://www.boston.gov/departments/economic-development/equity-and-inclusion-office/get-your-business-certified</a>	617-635-3720
Bilding ISD	<a href="https://www.boston.gov/departments/inspectional-services/what-building-permit-do-i-need">https://www.boston.gov/departments/inspectional-services/what-building-permit-do-i-need</a>	617-635-5300
Sante ISD	<a href="https://www.boston.gov/departments/inspectional-services/health-division">https://www.boston.gov/departments/inspectional-services/health-division</a>	617-635-5326
Komite Lisans Boston	<a href="https://www.boston.gov/licensing">https://www.boston.gov/licensing</a>	617-635-4170
Divizyon Prevansyon Dife BFD	<a href="https://www.boston.gov/departments/fire-prevention">https://www.boston.gov/departments/fire-prevention</a>	617-343-3628
Dvizyon Divètisman	<a href="https://www.boston.gov/entertainment">https://www.boston.gov/entertainment</a>	617-635-4165
Grefye Vil (Sètifika Biznis)	<a href="https://www.boston.gov/cityclerk">https://www.boston.gov/cityclerk</a>	617-635-4601

# Mèsi

## Ekip Harvard Ia

Emily Chi, Ian Cutler, Nicolas Diaz, Gavin Jiao, Amy Villasenor

## Ekip Vil Boston an

Diane Chalifoux, Rakeya Edwards, Christopher English, Colette Folan, Kelly Mackey, Thomas McAdams, Dan Prendergast, Jessica Thomas, Lisa Timberlake, Reilly Zlab